

Legal Services of Greater Miami  
3000 Biscayne Blvd., Suite 500  
Miami, Florida 33137  
Telefòn-n: 305-576-0080  
TDD: 305-573-1578  
Lendi rive Vandredi  
8:30 A.M. -3:00 P.M.

South Dade Law Center  
10720 Caribbean Blvd., Suite 400  
Miami, Florida 33189  
Telefòn-n: 305-232-9680  
TDD: 786-242-0207  
Lendi rive Vandredi  
9:15 A.M.-11:30 A.M.  
1:15 P.M.-4:00 P.M.

Legal Services  
of Greater Miami, Inc.

### Deklarasyon Vizyon Statement

Nou angaje nou avék pasyon  
a men-m Jistis pou tout  
Moun. A travé sipò agresif  
piblik defans nou pou klyan  
epi nouvo metòd ke nou  
genyen ak kolaboraté nou nan  
kominote a, nou ap fé anpil  
efò pou nou bay klyan nou yo  
fòs pou soulaje soufrans  
povrete yo.



Legal Services  
of Greater Miami, Inc.

## PROJÉ PLEDWARI EDIKASYON ESPESYAL

SÉVIS LEGAL GRATIS NAN  
PROBLÉM EDIKASYON  
ESPESYAL



Sipòte finansyéman an pati pa:  
The Florida Bar Foundation,  
Shook, Hardy and Bacon, L.L.P. and  
District 4 Commissioner Sally Heyman

### Ki sa Projé pledwari Edikasyon Espesyal?

Objektif li se pou asire li ke pitit  
ou a ap resevwa on edikasyon gratis  
apropriye ki repon-n a bezwen inik li.

Pou ede paran, Avoka Projé:

(1) ede paran jwen evalyasyon  
timoun yo; (2) reprezante paran nan  
jijman pou respé dwa li; epi (3) bay  
tout lòt sévis legal pou ou jwen  
plasman edikasyonél ke ou dezire a.

### Kouman mwen ka konnen si pitit mwen ap resevwa on edikasyon apropiye?

- ◆ Éske pitit ou a gen problém pou li li?
- ◆ Éske pitit ou a gen problém pou li konsantre li o sinon lé ou mande li fé on bagay?
- ◆ Éske pitit ou a gen problém pou li konpran-n ki sa li wé epi sa li tande?
- ◆ Éske pitit ou pran nòtki ba nan lekòl li?

- ◆ Éske devwa lekòl pitit ou a trò fasil pou li?
- ◆ Éske pitit ou a samble ke lekòl anwiye li?

Si ou repon-n "wi" a nimpòt nan kesyon sa yo, plasman aktyél timoun ou an ka pa repon-n a bezwen li.

### Ki dwa ke mwen genyen?

- ◆ Ou gen dwa mande lekòl la pou li fé on tés pou pitit ou a gratis si ou panse ke pitit ou a bezwen sévis edikasyon espesyal, o sinon si sévis li ap resevwa-a pap travay.
- ◆ Ou gen dwa mande lòt moun ke ou chwazi fé tés gratis pou timoun ou an, si ou santi ke rezilta lekòl la pa kòrék.
- ◆ Ou gen dwa resevwa fotokopi dosye lekòl pitit ou a.
- ◆ Ou gen dwa patisipe nan devlopman Plan Edikasyonél Endividyé pitit ou.
- ◆ Ou gen dwa pou ou pran on avoka ki pou ede ou o sinon defan-n ou si ou pa dakò avék program edkasyon ke yo bay pitit ou a.

## **Ki moun ki ka vin-n on klyan Projé Pledwari Edikasyon Espesyal la ?**

- ◆ Si ou abite nan Miami Dade County, ou gen revni piti, epi pitit ou enskri nan "Miami Dade County Public School District," ou ka elijib pou ou vin on klyan nan Projé Pledwari Edikasyon Espesyal.

## **Kouman mwen ka vin-n on klyan?**

- ◆ Rele Biro Prinsipal nou nan 305-576-0080 o sinon biro "South Dade Law Center" nou nan 305- 232-9680 pou plis enfòmasyon.

## **ki sa mwen pote nan entéviou mwen an?**

- ◆ Si mwen genyen li la, on fotokopi Plan Edikasyonél Endividyél pitit mwen an.
- ◆ Si mwen genyen li la, on fotokopi youn nan evalyasyon rapò lekòl la ki pi resan.
- ◆ Si ou se on imigran, prév stati imigrasyon ou.